

Nim. 202.43

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifiye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 18 jiyè 2020, sa nou pral site la yo:

- Atik 5-18.0(2) nan Kòd Administratif Konte Nassau a, nan mezi ki nesèsè pou pèmèt Chèf Egzekitif Konte Nassau a pwolonje jiska 1 jiyè 2020, dat limit pou peye san enterè ni penalite dènve mwaye taks sou lekòl yo sou byen imobilye nan konte sa a e pou egzije ke pèman ki fèt apre dat sa a sijè a enterè ak penalite apati 1 jiyè 2020.
- Sibdivizyon 23 atik 621 Lwa Egzekitif la nan mezi ki nesèsè pou prevwa yon salè pou depans demenajman dwe gen ladan tou depans lojman rezonab e tanporè, tankou motèl oswa otèl, pou moun ki viktim yon krim oswa deli ki gen rapò ak vyolans domestik, anba limit fiskal ki nan sou-seksyon 2 atik 631 Lwa Egzekitif la;
- Sibdivizyon 1 atik 631 Lwa Egzekitif la nan mezi ki nesèsè pou prevwa tout pwogram rezidansyèl sètifye pou viktim vyolans domestik jan sa defini nan atik 459-a nan Lwa sou Sèvis Sosyal ki te bay sèvis a yon viktim krim oswa deli ki gen rapò ak vyolans domestik ap konsidere kòm yon "ajans jistis penal" pou rezon sibdivizyon an;
- Atik 627 Lwa Egzekitif la ak tout lòt règleman ki asosye nan mezi ki nesèsè pou prevwa nan objektif pou aplike Dekrè Egzekitif sa a, Biwo Sèvis Viktim yo pral detèmine reklamasyon ke yon viktim krim oswa deli ki gen rapò ak vyolans domestik soumèt, nan kondisyon sa yo:
 - Si gen yon blesi fizik, moun k'ap fè reklamasyon an ap soumèt yon dosye medikal blesi a ak yon deklarasyon ki soti nan nenpòt pwogram rezidansyèl sètifye pou moun ki viktim vyolans domestik jan sa defini nan atik 459-a nan Lwa sou Sèvis Sosyal (Social Services Law) ki endike ke blesi sa yo se rezilta yon krim.

- Nan ka ke pa gen okenn blesi fizik, pwogram rezidansyèl ki sètifye pou viktim vyolans domestik jan sa defini nan atik 459-a nan Lwa sou Sèvis Sosyal apre konsiltasyon lapolis oswa biwo pwokirè distri a, detèmine aksyon sa yo gen ladan yo youn oswa plizyè akizasyon ki mansyone dapre sibdivizyon 11 oswa 12 atik 631 nan Lwa Egzekitif la epi espesifye krim oswa deli sa yo nan aplikasyon oswa enfòmasyon ki soumèt bay biwo a.

AN PLIS DE SA, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyanon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 18 jiyè 2020:

- Nan sèvis objektif politik la pou anpeche rasanbleman ki pa nesèsè pou ralanti pwopagasyon nouvo kronaviris la, pou biznis ki angaje nan vant/sèvis bwason ki gen alkòl yo (sa vle di, restoran, ba, boutik, magazen alkòl, ak lòt antite ki gen lisans pou vann bwason ki gen alkòl an detay), vant/sèvis sa a dwe (i) fèt pou konsomasyon andeyò etablisman konfòmeman ak privilèj regilye yo; (ii) konsomasyon andeyò etablisman pa mwayen yon sèvis livrezon pou pote ale oswa livrezon otorize dapre Dekrè Egzekitif 202.3, jan l' pwolonje a, oswa (iii) konsomasyon sou plas, menm jan nan kad pwosedè ekspansyon pou sèvis deyò yo dapre Dekrè Egzekitif 202.38, anplis de obligasyon siveyans biznis sa yo dapre lwa, òdonans, prensip ak règleman ki an vigè, tout biznis sa yo oblije enspekte, siveye, oswa sipèvizè zòn nan nan mwens pase 100 pye de lokal ki gen lisans yo pou asire ke tout konsomasyon manje oswa bwason konpatib ak òdonans ki aplikab sou konntènè ouvri yo, epi egzijans sou distans sosyal ak kouvèti vizaj yo etabli pou biznis oswa sèvis sa a na nenpòt Dekrè Egzekitif, règleman, òdonans, lwa, konsèy Depatman Sante (Department of Health, DOH) ki aplikab, ak/oswa konsèy Otorite Likè (Liquor Authority) Eta a; si pa gen posiblite pou konfòme, biznis k'ap sèvi a dwe sispann vant/sèvis bwason ki gen alkòl sa a sof si epi jiskaske yo ka obsève tout dekrè egzekitif, règleman, lwa, òdonans, konsèy Depatman Sante (Department of Health, DOH), ak konsèy Otorite Likè a.
- Enstriksyon ki nan Dekrè Egzekitif 202.8 ki egzije sèlman tranzaksyon sou entènèt pou Depatman Veyikil a Motè yo modifiye pou pèmèt tranzaksyon an pèsòn nan biwo Depatman Veyikil a motè ke depatman an eksplwate yo si tranzaksyon sa yo fèt pa randevou sèlman, epi sèlman nan rejyon ki te satisfè kritè sante piblik la ak mezi sekirite yo egzije pou re-ouvèti Faz Twa a.

ANPLIS DE SA, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 925-a nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye (Real Property Tax Law) pou pwolonje pandan yon dezans Eta ijans peryòd pou peye taks sou pwopriyete san enterè oswa penalite sou demann direktè egzekitif la nan yon konte, vil, bouk, vilaj oswa distri lekòl ki afekte, mwen pwolonje pou venteyen jou avèk dokiman sa a peryòd pou peye, san enterè oswa penalite, taks sou pwopriyete ki bout nan lokalite sa yo ki mande yon ekstansyon konsa: Vilaj Alfred, Konte Allegany; Vilaj Cambridge, Konte Washington; Vilaj Greenwood Lake, Konte Orange; Vilaj Honeoye Falls, Konte Monroe; Vilaj Lake George, Konte Warren; Vilaj Manorhaven, Konte Nassau; Vilaj New Square, Konte Rockland; Vilaj Old Field, Konte Suffolk; Vilaj Palmyra, Konte Wayne; Vilaj Piermont, Konte Rockland; Vilaj Schaghticoke, Konte Rensselaer; Vilaj South Nyack, Konte Rockland; and the Vilaj Tupper Lake, Konte Franklin.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan dizuityèm jou mwa jen

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a